



Pou Piblikasyon Imedya: 30/11/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LEJISLASYON KI ETABLI YON "DWA PIBLISITE" POU MOUN KI MOURI POU PWOTEJE YO KONT EKSPLOWATASYON KOMÈSYAL NON YO OSWA RESANBLANS YO

Lejislasyon (S5959D /A.5605-C) a etabli dwa pou pwoteksyon piblisite pou moun ki mouri yo, kapasite pou transfere dwa yo pou desandan yo

Lejislasyon an etabli pwoteksyon kont Pònografi vanjans ak "Ipètrikaj"

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen lejislasyon (S5959D /A.5605-C) ki etabli yon "Dwa pou Piblisite" pou moun ki mouri pou pwoteje yo kont eksplwatasyon komèsyal, oswa itilizasyon ki pa otorize, karakteristik pèsònèl yo ki gen valè komèsyal - non yo, imaj yo, vwa oswa siyati yo apre lanmò yo. Anplis, desandan yo ap ka egzèse dwa sa yo, sa k ap bay moun k ap jere byen atis entèprèt yo kapasite pou kontwole epi pwoteje resanblans oswa imaj yo apre yo mouri. Lejislasyon an kreye tou nouvo sanksyon pou piblikasyon reprezantasyon seksyèl eksplisit moun, sa k ap pwoteje moun kont pònografi vanjans ak "ipètrikaj", ki se medya sentetik ke y ap itilize deplizanpli nan epòk dijital la pou kreye imaj fo evènman.

"Nan epòk dijital la, moun ki mouri yo ka souvan tonbe viktim anba men move aktè k ap chèche fè lajan sou lanmò yo epi pwofite de resanblans yo apre yo mouri - sa fini jodi a", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Lejislasyon sa se yon etap enpòtan nan pwoteksyon dwa moun ki mouri yo pandan l ap kreye yon New York ki pi sekirize, ki pi jis pou deseni k ap vini yo."

"Dwa pou Piblisite" a fè referans ak dwa chak moun genyen pou li kontwole itilizasyon komèsyal karakteristik pèsònèl li. Lejislasyon sa ekilibre pwoteksyon ki garanti nan Premye Amandman an yo depi lontan an ak nesesite pou pwoteje eksplwatasyon san otorizasyon atis entèprèt yo pou rezon komèsyal pi plis nan epòk dijital la apre yo mouri.

Senatè Diane Savino te deklare, "Lejislasyon sa ap pwoteje atis yo ak imaj yo jodi a ak apre lanmò yo pou ane k ap vini yo. L ap pran yon pa enpòtan tou pou pwoteje yo kont pwojeksyon imaj yo nan reprezantasyon pònografik, k ap chèche nwi repitasyon yo sèlman. Etap sa yo ap rann eta nou an vin yon kote ki gen plis sekirite epi ki pi jis pou atis nan tout nivo viv. Mwen remèsye Gouv. Cuomo paske li siyen pwojè lwa sa pou fè li vin yon lwa epi mwen pa ka tann pou m kontinye lite pou defann dwa travayè yo bò kote li".

Manm Asanble Helene E. Weinstein te deklare, "Kounye a, plizyè dizèn milye atis entèprèt ak moun ki fè difizyon k ap viv nan New York pa gen pwoteksyon kont operatè san vègòy ki vòlè imaj ak pèsonaj yo pou benefis komèsyal pou itilize apre lanmò yo. Pwojè lwa sa kreye pwoteksyon legal enpòtan kont move kondwit sa, epi tou, l ap pwoteje moun nan kominote teyatral la kont sila yo ki ta itilize "ipètrikaj" pou prezante yo fosman kòm moun ki angaje nan aktivite seksyèl".

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)